Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 12 декабрь Рузман № 57 (7927) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## ГІумаров Шамил ГІабдулаевич - «ЦІумада район» муниципалияб районалъул бетІер



Гьаб соналъул 5 декабралда тІобитІараб районалъул Собраниялъул депутатазул сессиялда цІидасан «ЦІумада район» муниципалияб районалъул бетІерлъун вищана ГІумаров Шамил ГІабдулаевич.

Шамил ГІумаров гьавуна 1960 соналъ Хуштада росулъ.

ХІалтІана Астраханалъул «Прогресс» заводалъул Агъвали букІараб филиалалда инженер-технологлъун, Хуштада росдал гьоркьохъеб школалда химиялъулгун биологиялъул мугІалимлъун, социалияб рахъалъ халкъ цІуниялъул районалъул управлениялъул нухмалъулевлъун. Щуго соналъ нухмалъи гьабуна Хуштада росдал гьоркьохъеб школалъе.

2020 соналъул 7 декабралдаса нахъе хІалтІулев вуго «ЦІумада район» муниципалияб районалъул бетІерлъун.

## Решение №1

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 5 декабря 2025 г.**

**Об избрании Главы муниципального района «Цумадинский район»**

В соответствии с Федеральным законом от 20.03.2025 г. №33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти», Закона Республики Дагестан от 08.12.2015 г. №117 «О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан» и Устава муниципального образования «Цумадинский район», Собрание депутатов **решило:**

1. Избрать Главой муниципального района «Цумадинский район» Омарова Шамиля Абдулаевича.
2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.
3. Настоящее решение вступает в силу со дня принятия.

**Председатель Собрания депутатов муниципального района Р. Магомедов**

## 12 декабрь-Россиялъул Конституциялъул къо

### ХІурматиял районцоял!




Баркула нужеда пачалихъияб байрам - Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул къо.

Россиялъул Конституция ккола нилъер пачалихъ демократияб рахъалъ цебетІеялъе, миллияб цолъиялъе ва жамгІияталъул гьудуллъи щулалъиялъе кьучІлъун.

Аслияб законалъ изну кьуна захІматаб заманалда нилъер пачалихъалъул экономикаялъул ва социалияб рахъалъул ахІвал-хІал гІодоцинабизе. Жакъа нилъеца кІвар кьезе ккола гІолеб гІелалда гьеб бичІчІизабизе. Нилъее киназего бокьун буго Россия, Дагъистан ва нилъер район экономикияб ва социалияб рахъалъ цебетІолеблъун, къуватаблъун бихьизе. Гьединаб хІасил ккей бараб буго нилъеда, щибав чияс хІаракат бахъизе ккола халкъалъул рукІа-рахъин лъикІлъизабизе.

ГІицІго цадахъаб хІалт1уца нилъеда кІвезе руго церелъурал масъалаби тІуразе! Пачалихъ щулалъизаби, халкъалъул буголъи цІикІкІинаби ва цо хІалалда чІараб, эркенаб ахІвал-хІал чІезабигьеб ккола нилъер мурад.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, хІалтІулъ лъикІал хІасилал, цІунаги щибаб хъизан къварилъи - балагьалдаса.

**Шамил ГІумаров,** районалъул бетІер

## Рагъулаб махщелалъул тІокІлъабазул бицана




Сон Агъвали гимназиялда тІобитІана районалъул рагъулав комиссар МухІамадрасул Расуловасул 11 классазул цІалдохъабазулгун дандчІвай.

Гьенир рорхарал суалазул аслияб букІана выпускникал Россиялъул оборонаялъул министерствоялъул цІалул идарабазде цІализе иналъул, гьенир ругел шартІазул ва рагъулаб карьера гьабизе ругел ресазул.

Тадбир тІобитІана Россиялъул оборонаялъул министерствоялъ тІадегІанаб ва хасаб гьоркьохъеб лъай щвей мурадалда рагъулал цІалул заведениязде абитуриентал цІализе росулел рукІиналда хурхун.

МухІамадрасул Расуловас цІалдохъабазул лъай-хъвай гьабуна рагъулал цІалул заведениязулгун, гьенир щолел махщелазулгун. Гьединго тІадчІей гьабуна, рагъулал цІалул заведениязда ругел студентал цІали рагІалде бахъинегІан течІого, Украиналда унеб бугеб рагъулаб хасаб операциялде ритІулин абун гІадамазда гьоркьоб тІибитІараб хабар кьучІ гьечІеб букІиналда.

-Рагъулаб махщел тІаса бищи ккола дурго ватІаналъе хъулухъ гьабиялда цадахъго, рагъулаб лъадари щвейги. Жакъа къоялда нилъер хІукуматалъ гІуцІулел шартІал руго рагъулаб хъулухъ гьаби цохІо хІурматияб ишлъун букІин гуребги, рагъухъанасул социалиябгун материалияб рахъалги лъикІлъиялъул суалалде кІварги кьун,-ян абуна рагъулав комиссарас ва жиндирго рагІаби мисалаздалъун ритІухъги гьаруна.

Диалог хІисабалда араб данделъиялда М-Р.Расуловас гьединго чІванкъотІарал жавабал кьуна цІалдохъабазул суалазе. Гьел хасго хурхарал рукІана гІолохъаби рагъде ритІиялда, цІали лъугІун хадуб хІалтІудалъун хьезариялда ва хъулухъ гьабизе кире ритІулебали мухІкан гьабиялда.

**Дибир Дибиров,** Агъвали гимназиялъул военрук

## Россиялъул ХІукуматалъул стипендиат



Гьаб сураталда нужеда вихьулев нилъер ракьцояв, Астраханалъул пачалихъияб медуниверситеталъул педиатрияб факультеталъул 6 курсалъул студент АхІмад Абакаров вахъана Россиялъул ХІукуматалъул стипендиатлъун. Гьеб ккола цІалулъгун гІелмияб хІалтІулъ рихьизарурал лъикІал хІасилазухъ щвараб шапакъат.

ЛъикІаздаса лъикІал студентал тІаса рищиялъе тІолго Россиялдаго лъазабураб конкурсалда бергьаразул цоявлъун вахъана АхІмад.

Россиялъул ХІукуматалъул стипендия кьола махщел-гьунар бугел, цІалул ва цІех-рехазул рахъалъ лъикІал хІасилал рихьизарурал студентазе.

Стипендия щвей ккола АхІмад Абакаровас жиндирго хІаракатчилъи ва гъваридаб лъай букІин бихьизаби.

Баркула гьесда шапакъат!

Гьарула АхІмадие тІаса бищараб махщалилъ хадурккунги бергьенлъаби, цере лъурал масъалаби мустахІикъаб куцалда тІуразе икъбалгун тавпикъ ва махщел камилав, киналго чІухІарав ва разияв тохтурлъун вахъи.

## Нухал, кьоял




Инхокъварисезул кьодухъан бахъараб Инхокъвари бугеб даруяб регьадул иццухъе щвезегІан шагьранух къачІаялъул ва гІатІид гьариялъул хІалтІаби тІадран унел руго. Предприниматель МухІамадзагьид Давудовас нухмалъи гьабулеб хІалтІухъабазул къокъаялъ рагІи кьолеб буго хІалтІи болжалалда рагІалде бахъинабизе.

Школа ва гIумру

# ВатIаналъул БахIарчиясул къо кIодо гьабуна




Россиялъул БахIарчи, ватIаналъул багъадур... Къокъаб, амма жидеца ракълие, эркенлъиялъе, ритIухълъиялъе, гIадамазул лъикIаб букIинеселъе гIоло хIинкъи-къай гуреб, ритIухълъиги, намус бацIцIалъиги, къохIехьейгун бахIарчилъиги бихьизабурал гIадамазда абулеб магIна гъваридаб кIиго рагIи-бахIарчи, багъадур. Нилъеда сверухъ жакъа гьединал, цIаруе гуреб, тIадаб борчлъун рикIкIун, «Дунги гьечIони, щивха, дицаги гьабичIони, лъицаха?»-ян тIаде къо ккедал ВатIанги цIунарал, ракълил заманалдаги халкъалъул баркалаялъе ва адаб-хIурматалъе мустахIикъаб багъадураб ишги бихьизабурал гIадамал дагьал гьечIо. БахIарзал кидаго рукIана ва руго.

Абизе бегьула дагьаб чIахIияб гIел улкаялъул тарихалда, хасго КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалда гIурал ругин абун: цо-цоял ккола рагъул ва гьеб лъугIун хадусеб заманалъул лъимал, кигIанго бокьичIониги хутIичIо гьеб рагъул гIахьалчагIи ва ветеранал. Кумек гьабулаан ватIаналъул бахIарзазул мисалалда гIун бачIунеб гIел куцазе рагъулаб тарихалъул бицарал тIахьазги, кинобазги, аслияб куцалда, рагъул гIахьалчагIилъун жалго рукIарал хъвадарухъабаз хъварал асараз.

Тарихалде араб КIудияб ватIанияб рагъ кIочене «теларин» ракIалде ккунищали, лъаларо, камичIо рагъулал тунка-хIусиял дир гIумруялда ва улкаялъул тарихалда жанир я къватIисел улкабазда (Афгъанистан, Сирия) абун, я нилъерго улкаялда абун (Чачаналда



рагъ, 1999 соналъул балагьаб август нилъехъго рагьда, жакъа Украина). ГIарададул кьвагьа-гIанхъиги, гуллил пещтIейги камураб мехго гьечIин кколеб буго. Щибалда дагьал рахъинч1о ватIаналъул бахIарзал, жидер багъадурлъи, къох1ехьей, гьунар ирсалъеги мисалалъеги хутIарал. Гьелъин Россиялъул БахIарчиясул байрамалъул тарих нилъеца цIунунги бугеб ракIазулъ, ирсилазеги бикьулеб, бицунеб бугеб.

БахIарчи кколаро цохIо рагъул корониб цIар щварав багъадур. Ракълил заманалдаги дагьал рукIунаро лахIзаталъцин ургъизе заманаги гьечIого «цIадавеги кIанцIун», ахираб лахIзаталда чи хвасар гьавиялъул яги цадахъ ругел гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб хIалалдаса рорчIизариялъул мисалал, жиндирго гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб букIиналъухъ балагьичIого, гIадамаз гьарулел бахIарчиял ишал. БахIарчилъиялъе бакI кибго ва кидаго букIуна. Гьеб нилъеда къойил бихьулебги буго. Хасго ахирал соназ...

Аралъул биценал, ракIалдещвей (память) нилъер бугебгIан мехалъ, инсан чIаго вугин абиги бугелъул гIакъилаб.

Россиялъул БахIарчиясул байрамалъул тарих батIатIей гьечIого бухьараб буго жинца байбихьи лъабабилеб гIасруялда лъураб тарихияб лъугьа-бахъиналда, умумузулги, гьездаса мисал босун бугеб жакъасеб гIелалъулги бахIарчилъи, къохIехьей жинца бихьизабулеб. Гьеб буго ВатIан ва рекъел цIунулаго хIинкъигьечIолъи, багъадурлъи бихьизабурал кьварарал васазулин абуниги мекъиги ккезе ятила, ясалги дагьал гьечIелъулха нилъер бахIарчилъи жиделъ бугел, къо. БахIарзазул цIаралгун гьунарги, нилъер тарихги кIочене течIого, гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия-лъай кьей, гьезулъ жавабчилъиги къохIехьейги куцай ккола жакъа байрам кIодо гьабиялъул аслияб масъалаги. Аралда таманча речIчIарасда бачIунелъ гIарада речIчIулин гIадада абун гьечIелъулха. Гьеб бичIчIулеб буго жакъа нилъедаги. Гьедин букIин бихьизабуна 9 декабралда районалъул школазда байрам кIодо гьабун тIоритIарал тадбиразги.

**Агъвали.**

Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялда 9 декабралда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана ВатIаналъул БахIарчиясул къо.

Киса-кибего гIадин, гьеб букIана нилъер бахIарзазе, жал жакъаги кьерда ругезе ва нилъгун гьечIезеги ирсилаз гьезул бахIарчияб тарихалъе, ракълилаб зобалда гъоркь ватIаналъул букIинеселъе гIоло кьураб гIумруялъухъ баркалагун даимаб рецц загьир гьаби.

Тадбиралда гIахьаллъана школалъул директор ва мугIалимзаби, райадминистрациялъул, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул Централъул, лъайкьеялъул управлениялъул, райбиблиотекаялъул хIалтIухъаби ва школлъимал.

Тадбир рагьарав гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас, байрамалъулги, абадиялъего рекIелъ хутIиялъулги (память) бугеб кIваралъул бицунаго, абуна рагъул байданалда гуребги, гIадатияб гIумруялда- гIагараб росу-ракьалда хIалтIулагоги, чанги бакI батулин бахIарчилъиялъеян.

-ГIолохъанаб гIелалъе бахIарчиял умумузул ирс, нилъер бечедаб тарих букIине ккола яхI-намусалъул роценлъун, напс цIуниялъе мисаллъун. КIвар кьезе ккола нилъерго лъимал намус-яхI цIунарал ва халкъалъул гьунаралъул къимат гьабулелллъун куцаялде. Гьединал мисалал дагьал гьечIо нилъер. ГIемер рикIкIаде инчIониги, Эчедиса Къади Абакаровасул, ТIадгъаквариса Закарья ХIусеновасул, Къедиса Сулейман Сабигулаевасул, ТIиссиахикьа МухIамад Макъсудовасул, Хушетиса Раджаб Ахъбулатовасул ва гIемерал цогидалги ракьцоязул багъадурлъилъегун гьунаралъе даимаб рецц гьабизе, гьезул мисал гIумруялъул дарслъун босизе кидаго кватIун букIунаро,-ян абуна М.ВахIидовас. -Божула, нилъер цIар, киназего мисалияб куцалъ, кидаго цебесеб кьерда букIиналда.

Гьединго баркиялъул ва баркалаялъул кIалъаял гьарун, цоцае хIалае рахъун, кумекалъулаб квербегьиялъул, бахIарчиял умумузул лъикIал гIадатал ва тарих цIуниялъул, 9 декабралда кIодо гьабулеб байрамалъул бугеб кIваралъул бицун цере рахъана

-Жакъа нилъ данделъун руго гьанир жидер цIарал абадиялъего гIагараб ракьалъул тарихалда хъварал бахIарзазул хIурматалда. БахIарчиясул къо календаралъул гIадатияб къо гуребги, нилъеца нилъер чIухIилъун кколел, кодоб ярагъгун ватIан цIунарал ва ракълилаб зобалда гъоркь гIагараб ракь тIегьазабиялда тIад гIумруялъго хIалтIарал бахIарзал ракIалде щвезариялъул, нилъ гьездаса мисал босун хьвадизе ккеялъул пикру гьабизе тIамулеб къолъунги ккола,-ян абуна А.Ибрагьимовалъги. -Хасаб баркала загьир гьабизе бокьун буго мустахIикъал васал гIезарурал улбузеги, жакъа рагъулаб хасаб операциялда ругел гIолохъабазул лъудбузегун яцазе лъикIалде хьулгун, Аллагьасде божилъигун нужер сабураб балагьунчIеялъухъ.

Агъвали гимназиялда тIобитIараб патриотикияб тадбир лъугIана гьелъул гIахьалчагIаз ва цIалдохъабаз гимназиялъул азбаралда лъураб гIарасалда цере тIугьдул лъеялдалъун. Гьелдаса хадуб киналго ана гимназиялъе цIар кьурав Совет Союзалъул бахIарчи Абакаров Къадие райадминистрациялда цебе бараб гIарасалда тIугьдул лъезе. Гьесул бахIарчилъиялъул, тарихалде араб немцазул танк «Тигралда» тIад гьабураб магIарул кьурдиялъул бицун, ракIалде щвезавуна Къ.Абакаров ва цогидалги ракьцоял-КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзал.

Патриотикияб тарбия кьеялъе кIвар цIикIкIараб тадбир ана гIуцIадго.



**Гъоркьгъаквари.**




ЦСОНалъул нухмалъулев Заурбег ЖахIпаров, районалъул руччабазул Советалъул председатель Асият Ибрагьимова ва цогидалги.

Школалъул цIалдохъабигун мугIалимзаби цереккунго хIадурлъулел рукIана байрамалде. ЦIалдохъабаз «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» мемориалалда цере тIугьдулги лъун, хинал рагIабаздалъун ракIалде щвезаруна ВатIан цIунулаго шагьидлъарал росуцоял, бицана гьезул гьунаразул, рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъул.

ОБЖялъул нухмалъулев Ханмирза МухIамадовас ва тарихалъул мугIалим БатIина Насрудиновалъ бицана 9 декабралда кIодо гьабулеб байрамалъул тарих, Совет Союзалда ва гьанжесеб Россиялда рахъарал бахIарзазул гьунаразул. Гьединго тIадчIей гьабуна цохIо рагъда гуребги, ракълилаб гIумруялдаги дагьал рукIунареблъиялъул бахIарчиял ишал ва гьезие бакIал.

Школалъул гIуцIарухъан Майсурат МухIамадовалъул нухмалъиялда гъоркь цIалдохъабаз СВОялда ругел солдатазе хIадур гьаруна посылкаби ва хъвана баркиялъулал кагътал.

Росдал администрациялъул бетIерасул заместитель УзумхIажи Абакаровас баркала загьир гьабуна школалъул коллективалъе гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялде кьолеб бугеб кIваралъухъ ва божилъи загьир гьабуна хаду-хадубги гьединал пайдаял тадбирал, гIагараб ракьалъул тарихги, тарихияб биценалде арал росуцоязулги мисалги кIочене течIого, тIоритIиялда.

ВатIаналъул бахIарзал ракIалде щвезариялъул гьединалго тадбирал тIоритIана районалъул росабазул цогидал школаздаги.

**Хадижат Залимханова**

Разъяснение специалиста

# Правила использования антисептиков для рук




Ежедневно наш организм сталкивается с огромным количеством вирусов и бактерий, которые обитают в окружающей среде. В период эпидемического сезонного распространения острых респираторных инфекций актуально проведение гигиенической обработки рук с использованием антисептиков.

Руки-самое уязвимое и незащищенное место нашего тела. Именно на них скапливается огромное количество бактерий и микробов, вызывающих различные заболевания. Регулярная и правильная гигиена рук-основа здоровья и крепкого иммунитета. В случаях, когда нет возможности вымыть руки с мылом, важно пользоваться антисептиком.

Что такое антисептики и зачем они нужны? Антисептик (в переводе с греческого языка означает «против гниения») современное дезинфицирующее средство, предназначенное для обработки рук. Большинство средств уничтожает до 99% различных вирусов и бактерий или значительно замедляет их рост. Это делает антисептик незаменимым помощником в период простудных и вирусных заболеваний. Антисептики различаются по составу и форме выпуска. Спектр действия и противомикробная активность зависят от основного вещества и его концентрации в составе. Антисептики не требуют смывания водой, их удобно брать с собой, а благодаря миниатюрным флакончикам они легко помещаются в сумку. В среднем антисептики обеззараживают кожу на 3-4 часа. По истечении этого времени стоит повторить обработку рук.

Плюсы современных антисептических средств: высокая бактерицидная активность, быстрое действие, активность на протяжении длительного времени, защита кожи от негативных факторов окружающей среды, способны растворять жиры, химическая инертность, удобная упаковка.

Антисептики могут выпускаться в разных формах: гелях, спреях, салфетках.

Что входит в состав антисептиков? Антисептики многообразны по своему составу. В зависимости от действующего вещества, они бывают спиртовые и без спиртовые:

Спиртовые антисептики: в качестве активного ингредиента выступает изопропанол, этанол или н-пропанол. Чтобы антисептик действовал, концентрация спирта должна составлять минимум 60%. Спиртосодержащие антисептики уничтожают патогенную флору, вирусы и бактерии при обработке кожных покровов. Считаются самыми эффективными антисептиками, а также не имеют противопоказаний (за исключением индивидуальных случаев).

Без спиртовые антисептики могут содержать следующие компоненты:

- четвертичные аммониевые соли (особенно дидецилдиметиламмония хлорид), уничтожают вирусы и бактерии, в том числе туберкулезные, оказывают негативное воздействие на кожу, поэтому используются преимущественно для обработки поверхностей;

- галогенные растворы, где основным компонентом является повидон-йод, который оказывает сильное противовирусное, антибактериальное и противогрибковое действие, имеет определенные противопоказания, может привести к зуду и покраснению кожного покрова;

-хлоргексидин - отличается выраженными бактерицидными и противовирусными свойствами, оказывает губительное воздействие на большинство патогенных микроорганизмов, но обладает меньшей активностью по сравнению со спиртосодержащими антисептиками;

-перекись водорода обладает выраженным антисептическим действием при обработке поврежденных участков кожи, однако перекись не уничтожает патогенные микроорганизмы, а уменьшает их количество

Первое, на что нужно обратить внимание - это состав. Самыми эффективными на данный момент являются спиртовые антисептики, а также средства на основе хлоргексидина. Оптимальное содержание изопропилового спирта - не менее 60%, а этилового спирта - не менее 70%. Меньший процент содержания спирта не обеспечит надежную защиту. Хлоргексидина также должно быть достаточно в антисептике, чтобы он хорошо сработал. При выборе антисептика обязательно обратите внимание на спектр его действия: против каких возбудителей он эффективен. Антисептик с антибактериальным действием не будет эффективен против вирусных и простудных заболеваний. Лучше всего отдавать предпочтение комплексным средствам с широким спектром действия, которые будут эффективны против бактерий, вирусов, грибков и других патогенных микроорганизмов.

В составе должны быть и полезные добавки, которые обеспечивают дополнительные функции антисептиков: разного рода масла, экстракты, которые, защищают кожу от сухости, шелушения, оказывают смягчающее и увлажняющее действие, усиливает естественную защиту кожи;

Некоторые правила и рекомендации использования кожного антисептика:

-Нанести средство на сухие руки и необходимое количество, (обычно 3-5 мл).

-Равномерно распределить антисептик по всей поверхности рук, включая пространства между пальцами.

-Тщательно растирать руки, в течение 20-30 секунд, растирать важно быстро, поскольку спиртовые средства и гели быстро высыхают и испаряются.

-Дождаться полного высыхания антисептика, после использования средства, не смывать его водой. Если на коже имеются какие-то повреждения, обязательно заклейте их водостойким пластырем перед обработкой антисептиком.

-Частота проведения процедуры- по крайней мере 5-6 раз в день. Это необходимо в любых ситуациях, когда руки могут быть загрязнены.

-Различные антисептики нельзя смешивать. Не наносите антисептик на влажные руки, из-за этого концентрация действующих веществ и эффективность обработки снижается.

-Избегать одновременного применения антисептиков с мылом и моющими средствами, это так же может снизить их эффективность.

-В случае возникновения выраженных побочных реакций необходимо прекратить применение антисептика и обратиться за медицинской помощью.

Когда необходимо пользоваться антисептиками:

-отсутствует возможность полноценно вымыть руки с мылом;

-после проезда в общественном транспорте;

-после кашля или чихания;

-после посещения общественных мест (торговых центров, магазинов, ресторанов, тренажерных залов);

-после похода в туалет;

-после контакта с животными;

-после смены вида деятельности на рабочем месте;

-и многих других случаях, когда руки могут быть загрязнены.

Противопоказания: некоторые антисептики противопоказаны людям с повышенной чувствительностью к их компонентам. Также следует с осторожностью применять спиртовые антисептики у пациентов с открытыми ранами, так как это может вызвать сильное жжение и замедлить процесс заживления. Кожные антисептики не предназначены для обработки слизистых оболочек и повреждённых кожных покровов.

Беременным и кормящим женщинам рекомендуется использовать антисептики только по назначению врача, отдавая предпочтение наиболее безопасным средствам.

Даже в самом простом антисептике присутствуют вспомогательные вещества, которые уничтожают вредоносные микроорганизмы. Гигиеническая антисептика рук является необходимой мерой для защиты здоровья. Рекомендуем при выборе антисептика обращать внимание на его состав, и сертификацию. Следуйте инструкциям по применению и используйте антисептик регулярно, особенно в условиях повышенного риска заражения инфекциями.

Помните, что чистые руки – это одна из основ здорового образа жизни!

**Х. Казаналипова,** врач-эпидемиолог ФФБУЗ «Центр гигиены и эпидемиологии в РД в Ботлихском районе»

# Профилактика полиомиелита

С 15 по 19 декабря сего годав районе будет проводиться второй тур дополнительной иммунизации полиомиелита. Цель состоит в том, чтобы быстро повысить иммунитет на уровне популяции и сократить число восприимчивых лиц для достижения целей контроля или ликвидации заболевания.

Хоть болеют полиомиелитом преимущественно дети до 5 лет, заразиться может не вакцинированный человек любого возраста. Заболевание протекает очень тяжело и характеризует клиническую картину «детский паралич», которая проявляется нарушениями функций опорно-двигательной системы, атрофией мышц, костными деформациями и контрактурами.

Человек, переболевший паралитической формой полиомиелита, на всю жизнь остается инвалидом.

Благодаря вакцинации, Россия с 2002 г. имеет статус страны свободной от полиомиелита. Но это не исключает возможности возникновения полиомиелита в нашей стране.

Стоит нам ослабить бдительность и сузить охват прививок, как сразу возникнет вероятность вспышки полиомиелита. Несмотря на эпидемиологическое благополучие внутри страны, существуют высокие риски завоза полиомиелита.

Кроме того, при снижении показателя коллективного иммунитета менее 95%, возможна передача вакцинных полиовирусов между непривитым контингентом.

Получить консультацию по поводу иммунизации против полиомиелита и сделать профилактические прививки можно в поликлинике райбольницы.

Берегите себя и будьте здоровы!

Дополнительную информацию можно получить в райбольнице по телефону +79608588884.

**Магомедов Магомед,** педиатр райбольницы



Спорт

## Ракьцоязул иргадулаб бергьенлъи



5-7 декабралда Хасавюрталда тIобитIана 21 соналъул ригьалде щвезегIан гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул чемпион ва спорталъул мустахIикъав мастер Мурад ГIумахановасул призазе гIоло ТIолгороссиялъул турнир. ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб спорталъул КIалгIаялда тIобитIараб гьениб гIахьаллъи гьабуна Россиялъул кьоло щуго субъекталдаса лъабнусгоялдасаги цIикIкIун спортсменас.

Кинаб турнирха букIинеб ракьцоял-цIумадисезул гIахьаллъи гьечIеб?! Иргадулаб нухалъги нилъер гIолохъабаз бихьизабуна жидеда ращадал гIемерал гьечIеблъи тирилъиялъул, лебаллъиялъул, рахъалъ. Киназего битIккечIониги, камичIо пьедесталалъул тIогь квегъаралги.



Гьединаздаса руго 79кг. цIайиялда бергьарав Гьигьалъа МухIамад ХIабибов ва 92кг. цIайиялда бергьарав Акнадаса АхIмад МукIутов. Лъабго батIияб цIайиялда лъабабилел бакIал гьаб нухалъ тIиндадерица-ГIабдула МуртазагIалиевас (70 кг.), МухIамад ГIалибахIарчиевас (79 кг.) ва ГIусман Тупалиевас (125 кг.) росана.

Баркула нилъер гIолохъабазда иргадулаб бергьенлъи ва гьарула гьезие щулияб сахлъи, спорталъулъ кирго кидаго бергьенлъаби.

Абизе ккола, турниралда бергьарал гIолохъабазе Россиялъул спорталъул мастерасул цIарги щолеблъи. ХIал чIахъаги нужер, ракьцоял!

**Шамил Бадрудинов**

## «Сасикь» командаялъ Кубок босана




6 декабралда КIолихъ бугеб спортивияб майданалда тIобитIана «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бетIерасул Кубокалъе минифутболалъул иргадулаб турнир.

Гьелъул аслияб масъала букIана районалда спорталъул цогидал тайпазда цадахъго футболги машгъур гьаби, сахаб гIумру тIаса бищиялде кIвар кьей, гьудуллъи-вацлъи щулалъизаби, динияб экстремизмалдегун наркоманиялде дандечIеялъе профилактика гьаби.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна ЦIунтIа, ГIахьвахъ ва Болъихъ районазулгун нилъер районалъул ТIисси, ТIинди, Сасикь, Къеди росабазул ва «ЦIумада-легионеры» командабаз.

Квачараб хасалил къоялъухъ балагьичIого, хIалуцараб хIай букIана стадионалда. Футболистаз хIаракат бахъулеб букIана турниралъул пьедесталалъул бищун тIасиялде рахине. Амма спорт буго спорт, тирияв ва махщалилав цере ккана. Гьедин, чемпионасул цIарги босун, тIоцебесеб бакIалде ккана сасикьал. КIиабилеб бакIалда гIей гьабуна мадугьалзаби-балъхъадерица ва лъабабилеб бакIалде ккана «ЦIумада-легионеры» команда. Гьезие кьуна рекьонккколел даражабазул Кубокал, дипломал ва 30 000, 20 000 ва 10 000 гъурущ гIарцулал сайгъатал.

Дагъистаналъул спорталъулгун физическияб культураялъул министр Сажид Сажидовасги кIодо гьабуна «Сасикь» команда жиндирго рахъалъан тIадеги гIарцулаб призги кьун.

РукIана лъикIаздаса лъикIал хIалезе рихьизарурал номинациялги. Гьедин, «Бищун лъикIав гъужумалъулав» - «Сасикь», «Бищун лъикIав цIунулев» - «ЦIумада» ва «Бищун лъикIав каваби цIунулев»- «Болъихъ» командабаздаса футболистал рахъана.

«Лъиданиги бачIеб судьялъи гьаби» номинациялда сайгъаталъе мустахIикълъана Хуштадаса МухIамад МухIамадовги.

-Гьаб турнир цохIо къец кколаро, гьаб буго цолъиялъул ва нилъеца сахаб гIумру тIаса бищиялъул байрам. Рохарал ва чIухIарал руго нужеца бергьенлъи щвезе бахъараб хIаракаталдаса, гьелде нужер букIараб гьира-шавкъалдаса. Спорталъ лъадарула инсан. Божула, хадубккунги спортсменалгун чемпионал ва махщел камилал специалистал цIумазул улкаялдаса гIемерал рахьинин ва гьезул бергьенлъабаздаса нилъер рохелги цIикIкIинин. Гьарула киназего ракълилаб зоб, ургъел-балагъал рикIкIалъи,-ян абуна районалъул бетIер



Шамил ГIумаровас турниралда бергьаразе шапакъатал ва гIуцIалилаб рахъ тIадегIанаб даражаялда цебе бачаралъухъ гIуцIарухъабазе баркала кьолаго.

Турнир лъугIун хадуб киналго гьалбадерие ва спортсменазе гIуцIун букIана къадекванил тепси. Тадбир ана гIуцIадго ва гьалбал разияб хIалалда, дагIба-рагIи гьечIого.

**МухIамад Къасумов**



## Обеспечим тёплую зиму благодаря полным расчётам за газ




«Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к населению республики с просьбой до наступления Нового года погасить имеющиеся долги за газ.

Поставщик газа в Дагестане напоминает абонентам о необходимости своевременных ежемесячных расчётов за потреблённый газ. На сегодняшний день организована удобная дистанционная оплата за газ, когда не выходя из дома, не отпрашиваясь с работы и не тратя время на дорогу и очереди у кассы можно внести очередной платеж. Уже каждый четвертый дагестанский потребитель газа оплачивает через «Личный кабинет абонента» на сайте поставщика www.mkala-mrg.ru и не тратит время на очереди.

Через «Личный кабинет» рекомендуется оплачивать за газ используемый в домах в селе, за родителей и близких родственников, за квартиры и дома сдаваемые в аренду. Можно оплачивать за несколько лицевых счетов. Эта функция также удобны для дагестанцев, которые живут за пределами республики и имеют газифицированное жилье в Дагестане. Чтобы большие долги не были неприятным сюрпризом – отслеживайте начисления в «Личном кабинете».

Для потребителей газа в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» также организована работа «Контакт центра». По бесплатному номеру 8-800-200-98-04 абоненты могут узнать сумму своей задолженности, а также получить ответы на все вопросы, касающиеся имеющейся задолженности.

**ХIурматиял районцоял!**

Унеб буго 2026 соналъе «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе подписка.

Бащдаб лъагIалие газеталъул багьа -549,84 гъур., ЛъагIалие-1099,73 гъур.

**Газеталъул индекс:**

-бащдаб лъагIалил -51377, лъагIалил-63302.

Райадминистрациялъул хIалтIухъабазул коллективалъ ва районалъул Собраниялъул депутатаз зигара балеб буго вацал МухIамад ва АхIмад ГъазимухIамадовазда гьезул эмен

**Шамсулвара**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

***

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго вацал МухIамад ва АхIмад ГъазимухIамадовазда гьезул эмен

**Шамсулвара**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

БетIерав редакторасул бакIалда АхIмадова ХIалимат ХIасбулаевна 8 (87273) 2-52-44

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1016

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.